

EPIZÒD : MEZI

MO JODI A : MEZI

REZIME EPIZÒD LA



Lili ak Tilou decide òganize yon fèt sipriz pou manman yo. Pou fèt la, yo decide fè bonbon. Nan preparasyon bonbon yo, Tilou respekte mezi engredyan yo, men Lili pa fè sa. Sa lakoz bonbon Lili yo gate. Lili suiv yon resèt pou li fè yon krèm pou dekore bonbon Tilou te fè yo.



Manman Mariz ape de Mariz fè inifòm lekòl li. Yo itilize yon santimèt pou pran mezi Mariz. Mariz ekri mezi yo pou manman l. Aprè sa, yo itilize mezi sa yo pou trase patwon pou inifòm nan. Yo epingle patwon an sou twal la epi taye twal la egzakteman menm jan ak patwon an. Avèk èd manman l, Mariz koud inifòm nan nan machin nan. Inifòm nan byen chita sou Mariz.

POZE TIMOUN OU YO KESYON

1. Ki sa ki te pase nan Lakou Kajou jodi a ?
2. Ki sa ou te pi renmen ?
3. Ki enpòtans ou ka di mezi genyen daprè eskperyans Lili te fè nan preparasyon bonbon pou fèt manman li an ?

FÈ AKTIVITE AK TIMOUN OU YO

1. Mezire longè/lajè klas la

Objektif : Timoun yo ap kapab mezire longè klas la ak pye yo.

Dire : 10 minit

Etap 1 : Mande 5 timoun al kanpe dèyè sal la epi mache pou vin devan pandan y ap kontwole konbyen pye sa fè pou mezire longè sal la.

Enpòtan : Demontre pou timoun yo : Lè timoun nan ap mache, si se pye dwat li leve, l ap mete l devan pye goch la pou talon an kole ak devan gwo zòtèy dwat la.

Etap 2 : Mande 5 lòt timoun kontwole lajè sal.

Etap 3 : Mande yon lòt gwoup pran mezi yo ak men yo..

Etap 4 : Mande chak timoun ekri konbyen pye/men yo jwenn pou longè ak lajè.

Enpòtan : Asire ou timoun yo mete non yo aprè rezilta yo jwenn nan.

Men yon lide : Si se Lili ki t ap mache pou kontwole a, l ap ekri sal la mezire 10 pye Lili nan Longè. Si se Jan, l ap mete 10 pye Jan, elatriye.

Enpòtan : fè plizyè gwoup timoun pran longè ak lajè sal la, oswa ba lòt gwoup yo mezire yon lòt bagay (tablo, biwo ka mezire ak men yo).

Me zi

2. Konpare mezi wotè

Objektif : Timoun nan ap kapab konpare mezi wotè.

Dire : 30 minit

Etap 1 : Konpare wotè 2 timoun/ 3 timoun. Fè yo apiye kont yon mi, de pye ansanm, talon yo dwe manyen mi a.

Etap 2 : Pandan do yo ak tèt yo plat sou mi a, mete yon règ plat sou tèt chak elèv, pou pwent règ la manyen mi a.

Etap 3 : Make kote règ la manyen mi a ak lakrè. Ekri non timoun nan anlè mezi li. Si ou gen yon santimèt, mezire distans ant tras la ak atè a pou mezire wotè a.

Etap 4 : Mande elèv yo ranje kò yo pa wotè, pi piti nan yon pwent pi wo nan yon lòt. Fè yo apiye talon yo ak do yo sou mi a.

Etap 5 : Make kote tèt chak moun rive.

Etap 6 : Mande timoun yo mezire ak obsève diferans ant sa ki pi wo ak sa ki pi piti, epi kilès ki menm wotè.



3. Balans pou pwa

Objektif : Timoun nan ap kapab fabrike yon balans jwèt pou konpare pwa.

Dire : 15-20 minit

Materyèl : 2 kèps (oubyen ti gode plastic menm jan), fisèl, ak sèso.

Etap 1 : Mande timoun yo prepare 4 bout fisèl menm longè.

Etap 2 : Mande yo mare 2 nan chak ti gode, epi mare gode yo nan 2 bò sèso a.

Etap 3 : Mande yo kwoke sèso a, asire li dwat, epi asire gode yo menm wotè.

Etap 4 : Kounye a, timoun nan ka jwe pou li wè ki sa ki pi lou ak pi lejè pami bagay li mete nan kèps (oubyen gode) yo.